

BAB IV

HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

4.1 Hasil Panalungtikan

Hasil panalungtikan téh ngawengku (1) kamampuh maca aksara Sunda, (2) kamampuh nulis aksara Sunda, (2) bédana kamampuh maca aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol, jeung (4) bédana kamampuh nulis aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol.

4.1.1 Kamampuh Maca Aksara Sunda

Pikeun ngukur kamampuh maca aksara Sunda, siswa dibéré soal pratés jeung pascatéés ieu di handap.

SB Baca aksara Sunda di handap!

|1| Imun; getol; diajQ UrN bkl; pin;te Q.

|2| mnus kudu IbdH k gus;ti anu mh suci.

|3| demi wn;ci stemen;n jl;m ay din rugi.

|4| bedil; Jo[INkRN din toNgoN m[nHn.

|5| Usum; hujn; jlInn; br[r[ck;.

Jawaban éta soal di luhur nya éta:

1. Lamun getol diajar urang bakal pinter.
2. Manusa kudu ibadah ka Gusti anu Maha Suci.
3. Demi wanci satemenna jalma aya dina rugi.
4. Bedil nyoléngkrang dina tonggong manéhna.
5. Usum hujan jalanan bararécék.

Dumasar kana hasil pratés jeung pascatéés, kamampuh maca aksara Sunda di kelas ékspérimén jeung kelas kontrol katitén dina tabél ieu di handap.

Tabel 4.1
Data Kamampuh Maca Aksara Sunda Siswa

No.	Eksperimen		Kontrol	
	Pratéés	Pascatéés	Pratéés	Pascatéés
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	20	73	20	67
2	33	93	27	73
3	20	73	27	73
4	20	60	20	73
5	20	60	47	87
6	47	100	33	87
7	47	100	27	73
8	20	53	47	87
9	20	40	20	20
10	27	80	20	47
11	47	100	20	33
12	20	80	20	20
13	33	87	20	20
14	20	80	47	87
15	20	80	20	20
16	40	100	20	20
17	20	80	47	87
18	20	80	20	60
19	20	67	20	73
20	20	80	20	60
21	33	87	20	27
22	20	73	20	80
23	27	93	20	47
24	47	100	20	73
25	20	80	40	87
26	20	73	40	93
27	20	80	33	80
28	33	87	33	93
29	27	80	20	47
30	27	80	33	80
31	27	80	20	47
32	20	73	20	20
33	27	80	20	47
Rata-Rata	26,27	79,80	26,70	60,20
Pangleutikna	20	40	20	20
Panggedéna	47	100	47	93

Dumasar kana tabél 4.1 katitén yén rata-rata kamampuh awal maca aksara Sunda kelas ékspérimén anu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori nya éta 26,27 kalawan skor pangleutikna 20, panggedéna 47. Anapon kamampuh ahir maca aksara Sunda kelas ékspérimén skor rata-ratana nya éta 79,80 kalawan skor pangleutikna 40 jeung panggedéna 100.

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aya 3 (tilu) aspék nu dipeunteun dina maca aksara Sunda, nya éta (1) waktu maca, (2) kecap nu bener, jeung (3) volume sora. Dina tabél 4.1 ogé katitén yén siswa absén 1 (hiji) kelas ékspérimén skor pratésna 20, ari skor pascatésna 73. Skor 20 téh mangrupa hasil tina (1) waktu maca leuwih ti 150 detik, kalayan niléy 1 (hiji), (2) jumlah kecap nu bener 0 (nol) kalayan niléy 1 (hiji), jeung (3) volume sorana laun pisan kalayan niléy 1 (hiji). Kabéh niléyna nya éta 3 (tilu). Jadi skor pratés siswa absén 1 (hiji) kelas ékspérimén nya éta $3 \times 100 / 15 = 20$. Anapon skor 73 dina absén 1 (hiji) siswa kelas ékspérimén mangrupa hasil tina (1) waktu maca 120 detik, kalayan niléy 3 (tilu), (2) jumlah kecap nu bener 20 kecap kalayan niléy 4 (opat), jeung (3) volume sorana bedas tapi aya alonna kalayan niléy 4 (opat). Kabéh niléyna nya éta 11. Jadi skor pascatés siswa absén 1 (hiji) kelas ékspérimén nya éta $11 \times 100 / 15 = 73$.

Anapon siswa absén 2 (dua) kelas ékspérimén skor pratésna 33, ari skor pascatésna 93. Skor 33 téh mangrupa hasil tina (1) waktu maca leuwih ti 150 detik, kalayan niléy 1 (hiji), (2) jumlah kecap nu bener 7 kecap kalayan niléy 2 (dua), jeung (3) volume sorana laun kalayan niléy 2 (dua). Kabéh niléyna nya éta 5 (lima). Jadi skor pratés siswa absén 2 (dua) kelas ékspérimén nya éta $5 \times 100 / 15 = 33$. Anapon skor 93 dina absén 2 (dua) siswa kelas ékspérimén mangrupa hasil tina (1) waktu maca 70 detik kalayan niléy 4 (tilu), (2) jumlah kecap nu bener 27 kecap kalayan niléy 5 (lima), jeung (3) volume sorana bedas kalayan niléy 5 (lima). Kabéh niléyna nya éta 14. Jadi skor pascatés siswa absén 2 (dua) kelas ékspérimén nya éta $14 \times 100 / 15 = 93$.

Dumasar kana dadaran di luhur, lamun dipapandékeun kana peunteun KKM anu 71 écés yén umumna siswa dina pratés peunteunna teu tuntas. Tapi sanggeus dipakéna stratégi pangajaran ékspositori di kelas ékspérimén téh hasil diajarna leuwih luhur tina peunteun KKM anu geus ditangtukeun di kelas VII SMP Negeri 2 Depok. Hartina siswa di kelas ékspérimén anu maké stratégi pangajaran ékspositori umumna siswa geus tuntas dina kamampuh ahir maca aksara Sunda.

Anapon di kelas kontrol anu ngagunakeun stratégi *konvensional*, kamampuh awal maca aksara Sunda rata-ratana nya éta 26,70 kalawan skor pangleutikna 20 jeung skor panggedéna 47. Ari kamampuh ahir maca aksara Sunda di kelas

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kontrol rata-ratanya éta 60, 20 kalawan skor pangleutikna 20 jeung skor panggedéna 93.

Dina tabél 4.1 ogé katitén yén siswa absén 1 (hiji) kelas kontrol skor pratésna 20, ari skor pascaténa 67. Skor 20 téh mangrupa hasil tina (1) waktu maca leuwih ti 150 detik, kalayan niléy 1 (hiji), (2) jumlah kecap nu bener 0 (nol) kalayan niléy 1 (hiji), jeung (3) volume sorana laun pisan kalayan niléy 1 (hiji). Kabéh niléyna nya éta 3 (tilu). Jadi skor pratés siswa absén 1 (hiji) kelas kontrol nya éta $3 \times 100 / 15 = 20$. Anapon skor 67 dina absén 1 (hiji) siswa kelas kontrol mangrupa hasil tina (1) waktu maca 120 detik, kalayan niléy 3 (tilu), (2) jumlah kecap nu bener 22 kecap kalayan niléy 4 (opat), jeung (3) volume sorana kurang bedas kalayan niléy 3 (opat). Kabéh niléyna nya éta 10. Jadi skor pascaténa siswa absén 1 (hiji) kelas kontrol nya éta $10 \times 100 / 15 = 67$.

Anapon siswa absén 2 (dua) kelas kontrol skor pratésna 27, ari skor pascaténa 73. Skor 27 téh mangrupa hasil tina (1) waktu maca leuwih ti 150 detik, kalayan niléy 1 (hiji), (2) jumlah kecap nu bener 8 kecap kalayan niléy 2 (dua), jeung (3) volume sorana laun pisan kalayan niléy 1 (hiji). Kabéh niléyna nya éta 4 (opat). Jadi skor pratés siswa absén 2 (dua) kelas kontrol nya éta $4 \times 100 / 15 = 27$. Anapon skor 73 dina absén 2 (dua) siswa kelas kontrol mangrupa hasil tina (1) waktu maca 85 detik kalayan niléy 4 (tilu), (2) jumlah kecap nu bener 24 kecap kalayan niléy 4 (opat), jeung (3) volume sorana kurang bedas kalayan niléy 3 (tilu). Kabéh niléyna nya éta 11. Jadi skor pascaténa siswa absén 2 (dua) kelas kontrol nya éta $11 \times 100 / 15 = 73$.

Dumasar kana dadaran di luhur, lamun dipapandékeun kana peunteun KKM anu 71 écés yén umumna siswa di kelas kontrol kamampuh awalna teu tuntas. Aya ningkatna antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir di kelas kontrol anu maké stratégi pangajaran *konvensional*, tapi hasil diajarna leuwih handap tina peunteun KKM anu geus ditangtukeun di kelas VII SMP Negeri 2 Depok. Hartina siswa di kelas kontrol umumna aya dina kaayaan can tuntas dina kamampuh ahir maca aksara Sunda.

4.1.2 Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Pikeun ngukur kamampuh nulis aksara Sunda, siswa dibéré soal pratés jeung pascaténs ieu di handap.

Salin kana aksara Sunda!

1. Kamari kuring indit ka Bogor.
2. Barudak arulin di lapang.
3. SMP Negeri 2 Depok ayana di Bangau Raya.
4. Pramuka keur kémping.
5. Ayeuna téh usum hujan.

Jawaban soal di luhur nya éta:

|1| kmri kuri N In;dit; k bogoQ.

|2| brudk; arulin; di lpN.

|3| s;m;p negeri |2| [dpok; ayn di bGU ry.

|4| pRmuk k] Q [km;pi N.

|5| ay]n ;tH Usum; hujn;.

Dumasar kana hasil pratés jeung pascaténs, kamampuh nulis aksara Sunda di kelas ékspérimén jeung kelas kontrol katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 4.2
Data Kamampuh Nulis Aksara Sunda Siswa

No.	Eksperimen		Kontrol	
	Praténs	Pascaténs	Praténs	Pascaténs
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	25	75.0	20	55.0
2	45	95.0	45	95.0
3	20	75.0	40	85.0
4	20	70.0	20	60.0
5	20	70.0	35	95.0
6	40	95.0	25	60.0
7	45	95.0	25	60.0
8	20	55.0	40	95.0
9	20	55.0	20	20.0
10	20	75.0	30	60.0
11	25	95.0	20	40.0
12	35	75.0	20	35.0
13	20	75.0	20	40.0
14	20	75.0	45	95.0

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
15	20	70.0	20	20.0
16	40	95.0	20	20.0
17	20	75.0	45	90.0
18	20	75.0	20	20.0
19	20	75.0	20	40.0
20	40	95.0	20	35.0
21	40	95.0	20	20.0
22	20	75.0	20	40.0
23	20	80.0	20	40.0
24	20	80.0	20	45.0
25	40	90.0	25	60.0
26	20	75.0	20	55.0
27	30	95.0	20	45.0
28	35	95.0	40	95.0
29	20	80.0	20	35.0
30	25	75.0	30	75.0
31	20	80.0	20	20.0
32	20	80.0	20	20.0
33	35	95.0	20	20.0
Rata-Rata	26,67	80,61	25,61	51,21
Pangleutikna	20	55	20	20
Panggedéna	45	95	45	95

Dumasar kana tabél 4.2 katitén yén rata-rata kamampuh awal nulis aksara Sunda kelas ékspérimén anu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori nya éta 26,67 kalawan skor pangleutikna 20, panggedéna 45. Anapon kamampuh ahir nulis aksara Sunda kelas ékspérimén skor rata-ratana nya éta 80,61 kalawan skor pangleutikna 55 jeung panggedéna 95.

Aya 4 (opat) aspék nu dipeunteun dina nulis aksara Sunda, nya éta (1) nulis aksara swara, (2) nulis aksara ngalagena jeung angka, (3) nulis rarangkén, jeung (4) rapihna nulis aksara Sunda. Dina tabél 4.2 katitén yén siswa absén 1 (hiji) kelas ékspérimén skor pratésna 25, ari skor pascatésna 75. Skor 25 téh mangrupa hasil tina (1) nulis 0 (nol) aksara swara kalayan niléy 1 (hiji), (2) nulis 0 (nol) aksara ngalagena jeung angka kalayan niléy 1 (hiji), (3) nulis 0 (nol) rarangkén kalayan niléy 1 (hiji), jeung (4) tulisanana teu rapih kalayan nilai 1 (hiji). Kabéh niléyna nya éta 4 (opat). Jadi skor pratés siswa absén 1 (hiji) kelas ékspérimén nya éta $4 \times 100 / 20 = 25$. Anapon skor 75 dina absén 1 (hiji) siswa kelas ékspérimén mangrupa hasil tina (1) nulis 5 (lima) aksara swara kalayan niléy 4 (opat), (2) nulis 40 aksara ngalagena jeung angka kalayan niléy 4 (opat), (3) nulis

27 rarangkén kalayan niléy 4 (opat), jeung (4) tulisanana rada rapih kalayan nilai 3 (tilu). Kabéh niléyna nya éta 15. Jadi skor pratés siswa absén 1 (hiji) kelas ékspérimén nya éta $15 \times 100/20 = 75$.

Anapon siswa absén 2 (dua) kelas ékspérimén skor pratésna 45, ari skor pascaténa 95. Skor 45 téh mangrupa hasil tina (1) nulis 3 (tilu) aksara swara kalayan niléy 2 (dua), (2) nulis 25 aksara ngalagena jeung angka kalayan niléy 3 (tilu), (3) nulis 8 (dalapan) rarangkén kalayan niléy 2 (dua), jeung (4) tulisanana kurang rapih kalayan niléy 2 (dua). Kabéh niléyna nya éta 9 (salapan). Jadi skor pratés siswa absén 2 (dua) kelas ékspérimén nya éta $9 \times 100/20 = 45$. Anapon skor 95 dina absén 2 (dua) siswa kelas ékspérimén mangrupa hasil tina (1) nulis 6 (genep) aksara swara kalayan niléy 5 (lima), (2) nulis 58 aksara ngalagena jeung angka kalayan niléy 5 (lima), (3) nulis 42 rarangkén kalayan niléy 5 (lima), jeung (4) tulisanana rapih kalayan nilai 4 (opat). Kabéh niléyna nya éta 19. Jadi skor pratés siswa absén 2 (dua) kelas ékspérimén nya éta $19 \times 100/20 = 95$.

Dumasar kana dadaran di luhur, lamun dipapandékeun kana peunteun KKM anu 71 écés yén umumna siswa dina pratés peunteunna teu tuntas. Tapi sanggeus dipakéna stratégi pangajaran ékspositori di kelas ékspérimén téh hasil diajarna leuwih luhur tina peunteun KKM anu geus ditangtukeun di kelas VII SMP Negeri 2 Depok. Hartina siswa di kelas ékspérimén anu maké stratégi pangajaran ékspositori umumna siswa geus tuntas dina kamampuh ahir nulis aksara Sunda.

Anapon di kelas kontrol anu ngagunakeun stratégi *konvensional*, kamampuh awal nulis aksara Sunda rata-ratana nya éta 25,61 kalawan skor pangleutikna 20 jeung skor panggedéna 45. Ari kamampuh ahir maca aksara Sunda di kelas kontrol rata-ratana nya éta 51,21 kalawan skor pangleutikna 20 jeung skor panggedéna 95.

Dina tabél 4.2 katitén yén siswa absén 1 (hiji) kelas kontrol skor pratésna 25, ari skor pascaténa 55. Skor 25 téh mangrupa hasil tina (1) nulis 0 (nol) aksara swara kalayan niléy 1 (hiji), (2) nulis 0 (nol) aksara ngalagena jeung angka kalayan niléy 1 (hiji), (3) nulis 0 (nol) rarangkén kalayan niléy 1 (hiji), jeung (4) tulisanana teu rapih kalayan nilai 1 (hiji). Kabéh niléyna nya éta 4 (opat). Jadi skor pratés siswa absén 1 (hiji) kelas kontrol nya éta $4 \times 100/20 = 25$. Anapon

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

skor 55 dina absén 1 (hiji) siswa kelas ékspérimén mangrupa hasil tina (1) nulis 4 (opat) aksara swara kalayan niléy 3 (tilu), (2) nulis 24 aksara ngalagena jeung angka kalayan niléy 3 (tilu), (3) nulis 20 rarangkén kalayan niléy 3 (tilu), jeung (4) tulisanana kurang rapih kalayan nilai 2 (dua). Kabéh niléyna nya éta 11. Jadi skor pratés siswa absén 1 (hiji) kelas kontrol nya éta $11 \times 100 / 20 = 55$.

Anapon siswa absén 2 (dua) kelas kontrol skor pratésna 45, ari skor pascaténa 95. Skor 45 téh mangrupa hasil tina (1) nulis 3 (tilu) aksara swara kalayan niléy 2 (dua), (2) nulis 20 aksara ngalagena jeung angka kalayan niléy 2 (dua), (3) nulis 7 (tujuh) rarangkén kalayan niléy 2 (dua), jeung (4) tulisanana rada rapih kalayan niléy 3 (tilu). Kabéh niléyna nya éta 9 (salapan). Jadi skor pratés siswa absén 2 (dua) kelas kontrol nya éta $9 \times 100 / 20 = 45$. Anapon skor 95 dina absén 2 (dua) siswa kelas kontrol mangrupa hasil tina (1) nulis 6 (genep) aksara swara kalayan niléy 5 (lima), (2) nulis 50 aksara ngalagena jeung angka kalayan niléy 5 (lima), (3) nulis 37 rarangkén kalayan niléy 5 (lima), jeung (4) tulisanana rapih kalayan nilai 4 (opat). Kabéh niléyna nya éta 19. Jadi skor pratés siswa absén 2 (hiji) kelas kontrol nya éta $19 \times 100 / 20 = 95$.

Dumasar kana dadaran di luhur, lamun dipapandékeun kana peunteun KKM anu 71 écés yén umumna siswa di kelas kontrol kamampuh awal nulis aksara Sundana téh teu tuntas. Aya ningkatna antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir nulis aksara Sunda di kelas kontrol anu maké stratégi pangajaran *konvensional*, tapi hasil diajarna leuwih handap tina peunteun KKM anu geus ditangtukeun di kelas VII SMP Negeri 2 Depok. Hartina siswa di kelas kontrol umumna aya dina kaayaan can tuntas dina kamampuh ahir nulis aksara Sunda.

4.1.3 Bédana Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Bédana kamampuh maca aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol ngawengku (1) uji sipat data kamampuh maca aksara Sunda, jeung (2) uji béda kamampuh maca aksara Sunda pratés jeung pascaténa.

4.1.3.1 Uji Sipat Data Kamampuh Maca Aksara Sunda

Uji sipat data dilakukeun pikeun nyumponan syarat nguji data sacara kuantitatif sangkan nangtukeun data diuji sacara paramétrik atawa non-paramétrik. Uji sipat data ieu ngawengku uji normalitas jeung uji homogenitas.

4.1.3.1.1 Uji Normalitas Kamampuh Maca Aksara Sunda

Uji Normalitas dilakukeun pikeun méré acuan naha data panalungtikan nu dilakukeun téh distribusina normal atawa henteu. Uji Normalitas dina ieu panalungtikan diolah ngagunakeun program *SPSS 18 for windows* kalawan tafsiran Shapiro-Wilk. Anapon dadasar nyokot kaputusan uji normalitas nya éta:

- Mun seug nilai Sig. > 0,05, mangka data miboga distribusi normal
- Mun seug nilai Sig. < 0,05, mangka data miboga distribusi teu normal

Uji normalitas dina ieu panalungtikan ngawengku opat kelompok data, nya éta (1) pratés jeung pascaté kelas ékspérimén, (2) pratés jeung pascaté kelas kontrol, (3) pratés kelas ékspérimén jeung kontrol, sarta (4) pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol.

4.1.3.1.1.1 Uji Normalitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

Hasil uji normalitas kamampuh maca pratés jeung pascaté kelas ékspérimén ngagunakeun program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabel 4.3
Uji Normalitas Kamampuh Awal jeung Ahir Maca Aksara Sunda
Kelas Ékspérimén

Faktor		Kolmogorov-Smirnov ^a			Shapiro-Wilk		
		Statistic	Df	Sig.	Statistic	Df	Sig.
Kamampuh	Prates	.310	33	.000	.726	33	.000
Maca Kelas	Pascates	.204	33	.001	.908	33	.009
Eksperimen							

a. Lilliefors Significance Correction

Dumasar hasil uji normalitas (*Test of Normality*) Shapiro-Wilk, kapaluruh nilai signifikansi pratés nya éta $0,000 < 0,05$, sedengkeun nilai signifikansi

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pascaté 0,009 < 0,05. Dumasar éta hal bisa dicindekkeun yén data kamampuh maca aksara Sunda siswa pratés jeung pascaté di kelas ékspérimén téh distribusina **teu normal**.

4.1.3.1.1.2 Uji Normalitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Kontrol

Hasil uji normalitas kamampuh awal jeung ahir kelas kontrol ngagunakeun program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabel 4.4
Uji Normalitas Kamampuh Awal jeung Ahir Maca Aksara Sunda Kelas Kontrol

Tests of Normality						
Faktor	Kolmogorov-Smirnov ^a			Shapiro-Wilk		
	Statistic	Df	Sig.	Statistic	df	Sig.
Kamampuh Maca Aksara Sunda Pratest Kelas Kontrol	.359	33	.000	.701	33	.000
Posttest	.206	33	.001	.874	33	.001

a. Lilliefors Significance Correction

Dumasar hasil uji normalitas (*Test of Normality*) Shapiro-Wilk, kapaluruh nilai signifikansi pratés nya éta 0,000 < 0,05, sedengkeun nilai signifikansi pascaté 0,001 > 0,05. Dumasar kana éta hal bisa dicindekkeun yén data kamampuh maca aksara Sunda siswa pratés jeung pascaté di kelas kontrol distribusina **teu normal**.

4.1.3.1.1.3 Uji Normalitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Pratés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Hasil uji normalitas pratest kelas ékspérimén jeung kontrol ngagunakeun program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabel 4.5
Uji Normalitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Pratés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Tests of Normality						
Faktor	Kolmogorov-Smirnov ^a			Shapiro-Wilk		
	Statistic	df	Sig.	Statistic	Df	Sig.

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kamampuh Maca Aksara Sunda Prates Kelas Eksperimen & Kontrol	Eksperimen	.310	33	.000	.726	33	.000
	Kontrol	.359	33	.000	.701	33	.000

a. Lilliefors Significance Correction

Dumasar hasil uji normalitas (*Test of Normality*) Shapiro-Wilk, kapaluruh nilai signifikansi kamampuh maca aksara Sunda pratés kelas ékspérimén jeung kontrol nya éta $0,000 < 0,05$. Dumasar éta hal bisa dicindekkeun yén éta data pratés téh distribusina **teu normal**.

4.1.3.1.1.4 Uji Normalitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Pascatés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Hasil uji normalitas posstest kelas ékspérimén jeung kelas kontrol ngagunakeun Shapiro-Wilk dina program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabel 4.6
Uji Normalitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Pascatés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Tests of Normality

Faktor	Kolmogorov-Smirnov ^a			Shapiro-Wilk		
	Statistic	Df	Sig.	Statistic	df	Sig.
Kamampuh Ahir Maca Aksara Sunda Eksperimen	.204	33	.001	.908	33	.009
Kontrol	.206	33	.001	.874	33	.001

a. Lilliefors Significance Correction

Dumasar hasil uji normalitas (*Test of Normality*) Shapiro-Wilk, kapaluruh nilai signifikansi kelas ékspérimén nya éta $0,009 < 0,05$, kitu ogé nilai signifikansi kelas kontrol $0,001 < 0,05$. Dumasar éta hal bisa dicindekkeun yén data kamampuh maca aksara Sunda siswa boh di kelas ékspérimén atawa di kelas kontrol distribusina **teu normal**.

4.1.3.1.2 Uji Homogénitas Kamampuh Maca Aksara Sunda

Uji Homogenitas dilakukeun salaku bahan acuan pikeun nangtukeun kaputusan uji sipat data dina statistik. Anapon dadasar nyokot kaputusan uji homogénitas nya éta:

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Mun seug nilai signifikansi (α) > 0,05, mangka bisa disebutkeun yén varian tina dua data atawa leuwih kelompok populasi nya éta sarua (homogén).
- Mun seug nilai signifikansi (α) < 0,05, mangka bisa disebutkeun yén varian tina dua data atawa leuwih kelompok populasi nya éta sarua (homogén).

4.1.3.1.2.1 Uji Homogénitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Ekspérimén

Hasil uji homogenitas kelas ékspérimén ngagunakeun SPSS katitén seperti tabel ieu di handap.

Tabél 4.7
Uji Homogénitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Ekspérimén

Test of Homogeneity of Variances

Kamampuh Maca Kelas Eksperimen

Levene Statistic	df1	df2	Sig.
.911	1	64	.343

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampu maca aksara Sunda kelas ékspérimén nya éta 0,343 > 0,05. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun yén data dicokot tina sampel anu **homogén**.

4.1.3.1.2.2 Uji Homogénitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Kontrol

Hasil uji homogénitas ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.8
Uji Homogénitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Kontrol

Test of Homogeneity of Variances

Kemampuan Pretest & Posttest Kelas Kontrol

Levene Statistic	df1	df2	Sig.
114.482	1	64	.000

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampuh maca aksara Sunda kelas kontrol nya éta 0,000 < 0,05. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun yén data dicokot tina sampel anu **teu homogen**.

4.1.3.1.2.3 Uji Homogénitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Pratés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Hasil uji homogénitas ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.9
Uji Homogénitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Pratés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Test of Homogeneity of Variances
Kamampuh Maca Aksara Sunda Prates Kelas Eksperimen & Kontrol

Levene Statistic	df1	df2	Sig.
.337	1	64	.564

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampuh maca aksara Sunda kelas kontrol nya éta $0,564 > 0,05$. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun yén data dicokot tina sampel anu **homogen**.

4.1.3.1.2.4 Uji Homogénitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Pascatés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Hasil uji homogénitas ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.10
Uji Homogénitas Kamampuh Maca Aksara Sunda Pascatés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Test of Homogeneity of Variances
Kamampuh Ahir Maca Aksara Sunda

Levene Statistic	df1	df2	Sig.
23.189	1	64	.000

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampu maca aksara Sunda nya éta $0,000 < 0,05$. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun yén data dicokot tina sampel anu **teu homogén**.

4.1.3.2 Uji Béda Kamampuh Maca Aksara Sunda Pratés jeung Pascatés

Uji béda kamampuh maca aksara Sunda pratés jeung pascatés dilakukeun boh di kelas ékspérimén atawa kelas kontrol.

4.1.3.2.1 Uji Béda Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

Ku lantaran hasil uji normalitas data panalungtikan téh distribusina henteu normal sarta dumasar uji homogénitas datana teu homogén, mangka uji béda kamampuh maca aksara Sunda pratés jeung pascatés dilakukeun ngagunakeun statistik non-paramétrik. Uji hipotésis non-paramétrik dina SPSS dilakukeun ngagunakeun uji Wilcoxon. Uji wilcoxon dilakukeun pikeun maluruh aya-henteuna perbedaan rata-rata dua sampel *berpasangan*.

Hasil uji beda kamampuh pratés jeung pascatés ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.11
Uji Béda Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

Ranks		N	Mean Rank	Sum of Ranks
Posttest – Pretest	Negative Ranks	0 ^a	.00	.00
	Positive Ranks	33 ^b	17.00	561.00
	Ties	0 ^c		
	Total	33		

a. Posttest < Pretest

b. Posttest > Pretest

c. Posttest = Pretest

Tina tabél di luhur, *negative ranks* atawa selisih negatif antara kamampuh maca aksara Sunda siswa dina pretest jeung posttes nya éta 0, boh dina N, *Mean Rank*, jeung *Sum of Ranks*. Nilai 0 nuduhkeun taya *penurunan* (*pengurangan*) tina nilai pratés ka nilai pascatés. *Positive rank* atawa selisih positif antara kamampuh maca aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascatés katitén aya 33 data positif (N), nu ngandung harti yén 33 siswa nilaina ngaronjat tina pratés ka pascatés. *Mean Rank* atawa rata-rata ngaronjatna nya éta 17,00, sarta *Sum of Ranks* atawa jumlah rangking positifna nya éta 561,00. Anapon ties, nya eta nilai sasaran

antara pratés jeung pascaté, di dieu katitén nilaina 0, hartina teu nyampak peunteun nu sarua antara pratés jeung pascaté.

Pikeun nguji hipotésis bédana data pratés jeung pascaté kamampuh maca aksara sunda pratés jeung pascaté di kelas ékspérimén dilakukeun uji statistik Wilcoxon. Anapon dasar nyokot kaputusan uji Wilcoxon nya éta:

- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih leutik tina probabilitas ($<$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditarima.
- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih gedé tina probabilitas ($>$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditolak.

Hasil uji hipotésis kamampuh pratés jeung pascaté ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.12
Uji Hipotésis Béda Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

Test Statistics ^b	
	Posttest – Pretest
Z	-5.053 ^a
Asymp. Sig. (2-tailed)	.000

a. Based on negative ranks.

b. Wilcoxon Signed Ranks Test

Dumasar output “test statistics” di luhur, kapaluruh yén Asymp. Sig. (2-tailed) nilaina 0,000. Ku lantaran nilai 0,000 leuwih leutik ($<$) 0,05 mangka bisa dicindekkeun yén “**Ha diterima**”. Hartina aya béda antara kamampuh maca aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascaté di kelas ékspérimén.

4.1.3.2.2 Uji Béda Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Kontrol

Ieu di handap mangrupa uji béda kamampuh pratés jeung pascaté di kelas kontrol. Analisis dilakukeun ngagunakeun SPSS kalawan uji Wilcoxon anu hasilna katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.13
Uji Béda Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Kontrol

Ranks		N	Mean Rank	Sum of Ranks
Posttest – Pretest	Negative Ranks	0 ^a	.00	.00
	Positive Ranks	27 ^b	14.00	378.00
	Ties	6 ^c		
	Total	33		

a. Posttest < Pretest

b. Posttest > Pretest

c. Posttest = Pretest

Tina tabél di luhur, *negative ranks* atawa selisih *negatif* antara kamampuh maca aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascaté nya éta 0 (nol), boh dina N, *Mean Rank*, jeung *Sum of Ranks*. Nilai 0 (nol) nuduhkeun taya *penurunan* (*pengurangan*) tina nilai pratés ka nilai pascaté.

Positive rank atawa selisih *positif* antara kamampuh maca aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascaté, katitén aya 27 data positif (N), nu ngandung harti yén 27 siswa nilaina ngaronjat tina pratés ka pascaté. *Mean Rank* atawa rata-rata ngaronjatna nya éta 14,00, sarta *Sum of Ranks* atawa jumlah rangking positifna nya éta 378,00. Anapon ties, nya éta nilai sasaruana antara pratés jeung pascaté, di dinya katitén nilaina 6, hartina aya genep urang siswa anu peunteunna sarua antara pratés jeung pascaté.

Pikeun nguji hipotésis bédana data pratés jeung pascaté kamampuh maca aksara sunda pratés jeung postés di kelas kontrol dilakukeun test statistik Wilcoxon. Anapon dasar nyokot kaputusan uji Wilcoxon nya éta:

- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih leutik tina probabilitas ($<$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditarima.
- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih gedé tina probabilitas ($>$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditolak.

Hasil uji hipotesis kamampuh pratés jeung pascaté ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.14
Uji Hipotésis Béda Kamampuh Maca Aksara Sunda Kelas Kontrol

Test Statistics ^b	
	Posttest – Pretest
Z	-4.557 ^a
Asymp. Sig. (2-tailed)	.000

a. Based on negative ranks.

b. Wilcoxon Signed Ranks Test

Dumasar output “test statistics” di luhur, kapaluruh yén Asymp. Sig. (2-tailed) nilaina 0,000. Ku lantaran nilai 0,000 leuwih leutik $< 0,05$ mangka bisa dicindekkeun yén “Ha diterima”. Hartina aya bédana antara kamampuh maca aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascaté di kelas kontrol.

4.1.2.2 Uji Béda Kamampuh Maca Aksara Sunda Pascaté Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Ku lantaran hasil uji normalitas data panalungtikan téh distribusina henteu normal sarta dumasar uji homogénitas datana teu homogén, mangka uji béda kamampuh maca aksara Sunda pascaté kelas ékspérimén jeung kelas kontrol dilakukeun ngagunakeun statistik non-paramétrik. Uji hipotésis non-paramétrik dina SPSS dilakukeun ngagunakeun uji Mann Whitney. Uji Mann Whitney dilakukeun pikeun maluruh aya-henteuna *perbedaan* rata-rata dua sampel anu teu *berpasangan*. Anapon dasar nyokot kaputusan uji Mann Whitney nya éta:

- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih leutik tina probabilitas ($<$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (Ha) ditarima.
- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih gedé tina probabilitas ($>$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (Ha) ditolak.

Hasil uji hipotésis ngagunakeun uji Mann Whitney program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.15
Uji Béda Kamampuh Pascatés Maca Aksara Sunda
Kelas Ékspérimén jeung Kelas Kontrol

Test Statistics ^a	
	Kamampuh Ahir Maca Aksara Sunda
Mann-Whitney U	311.000
Wilcoxon W	872.000
Z	-3.030
Asymp. Sig. (2-tailed)	.002

a. Grouping Variable: Faktor

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampuh maca aksara Sunda nya éta $0,002 < 0,05$. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif (H_a) **ditarima**. Hartina, aya béda nu signifikan antara kamampuh pascatés maca aksara sunda keas ékspérimén jeung kelas kontrol.

4.1.4 Bédana Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Bédana kamampuh nulis aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol ngawengku (1) uji sipat data kamampuh nulis aksara Sunda, jeung (2) uji béda kamampuh nulis aksara Sunda pratés jeung pascatés.

4.1.4.1 Uji Sipat Data Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Uji sipat data dilakukeun pikeun nyumponan syarat nguji data sacara kuantitatif sangkan nangtukeun data diuji sacara paramétrik atawa non-paramétrik. Uji sipat data ieu ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas.

4.1.4.1.1 Uji Normalitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Uji Normalitas dilakukeun pikeun méré acuan naha data panalungtikan nu dilakukeun téh distribusina normal atawa henteu. Uji Normalitas dina ieu panalungtikan diolah ngagunakeun program *SPSS 18 for windows* kalawan tapsiran Shapiro-Wilk. Anapon dadasar nyokot kaputusan uji normalitas nya éta:

- Mun seug nilai Sig. $> 0,05$, mangka data miboga distribusi normal.
- Mun seug nilai Sig. $< 0,05$, mangka data miboga distribusi teu normal.

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Uji normalitas dina ieu panalungtikan ngawengku opat kelompok data, nya éta (1) pratés jeung pascaté kelas ékspérimén, (2) pratés jeung pascaté kelas kontrol, (3) pratés kelas ékspérimén jeung kontrol, sarta (4) pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol.

4.1.4.1.1 Uji Normalitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

Hasil uji normalitas pratés jeung pascaté kelas ékspérimén ngagunakeun Shapiro-Wilk dina program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.16
Uji Normalitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

Faktor		Kolmogorov-Smirnov ^a			Shapiro-Wilk		
		Statistic	df	Sig.	Statistic	df	Sig.
Kamampuh Maca Kelas Eksperimen	Pratest	.345	33	.000	.722	33	.000
	Posttest	.203	33	.001	.850	33	.000

a. Lilliefors Significance Correction

Dumasar hasil uji normalitas (*Test of Normality*) Shapiro-Wilk, kapaluruh nilai signifikansi pratés jeung pascaté kelas ékspérimén nya éta $0,000 < 0,05$, mangka bisa dicindekkeun yén data kamampuh nulis aksara Sunda siswa distribusina **teu normal**.

4.1.4.1.2 Uji Normalitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Kontrol

Hasil uji normalitas pratés jeung pascaté kelas kontrol ngagunakeun Shapiro-Wilk dina program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.17
Uji Normalitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Kontrol

Faktor		Kolmogorov-Smirnov ^a			Shapiro-Wilk		
		Statistic	Df	Sig.	Statistic	Df	Sig.
Kamampuh Pretes jeung Posttest	Pretest	.372	33	.000	.663	33	.000

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kelas Kontrol	Posttest	.149	33	.062	.881	33	.002
---------------	----------	------	----	------	------	----	------

a. Lilliefors Significance Correction

Dumasar hasil uji normalitas (*Test of Normality*) Shapiro-Wilk, kapaluruh nilai signifikansi pratés nya éta 0,000, sarta signifikansi posttest 0,002. Dumasar éta hal signifikansi kelas kontrol jeung kelas ékspérimén $< 0,05$, mangka bisa dicindekkeun yén data kamampuh nulis aksara Sunda siswa distribusina **teu normal**.

4.1.4.1.1.3 Uji Normalitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Pratés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Hasil uji normalitas pratés jeung pascaté kelas kontrol ngagunakeun Shaporo-Wilk dina program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.18
Uji Normalitas Kamampuh Nulis Pratés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol
Tests of Normality

Faktor	Kolmogorov-Smirnov ^a			Shapiro-Wilk		
	Statistic	df	Sig.	Statistic	Df	Sig.
Kamampuh Maca Aksara Sunda Eksperimen	.345	33	.000	.722	33	.000
Prates Kelas Eksperimen & Kontrol	.372	33	.000	.663	33	.000

a. Lilliefors Significance Correction

Dumasar hasil uji normalitas (*Test of Normality*) Shapiro-Wilk, kapaluruh nilai signifikansi pratés kelas ékspérimén jeung kontrol nya éta $0,000 < 0,05$, mangka bisa dicindekkeun yén data kamampuh nulis aksara Sunda siswa distribusina **teu normal**.

4.1.4.1.1.4 Uji Normalitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Pascaté Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Hasil uji normalitas pascaté kelas ékspérimén jeung kelas kontrol ngagunakeun Shaporo-Wilk dina program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 4.19
Uji Normalitas Kamampuh Nulis Pascatés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Faktor		Kolmogorov-Smirnov ^a			Shapiro-Wilk		
		Statistic	df	Sig.	Statistic	Df	Sig.
Kamampuh Ahir Maca	Eksperimen	.203	33	.001	.850	33	.000
Aksara Sunda	Kontrol	.149	33	.062	.881	33	.002

a. Lilliefors Significance Correction

Dumasar hasil uji normalitas (*Test of Normality*) Shapiro-Wilk, kapaluruh nilai signifikansi kelas ékspérimén nya éta 0,000, sarta signifikansi kelas kontrol 0,002. Dumasar éta hal signifikansi kelas kontrol jeung kelas ékspérimén $< 0,05$, mangka bisa dicindekkeun yén data kamampuh nulis aksara Sunda siswa distribusina **teu normal**.

4.1.4.1.2 Uji Homogénitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Uji Homogenitas dilakukeun salaku bahan acuan pikeun nangtukeun kaputusan uji sipat data dina statistik. Anapon dadasar nyokot kaputusan uji homogénitas nya éta:

- Mun seug nilai signifikansi (α) $> 0,05$, mangka bisa disebutkeun yén varian tina dua data atawa leuwih kelompok populasi nya éta sarua (homogén).
- Mun seug nilai signifikansi (α) $< 0,05$, mangka bisa disebutkeun yén varian tina dua data atawa leuwih kelompok populasi nya éta sarua (homogén).

4.1.4.1.2.1 Uji Homogénitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

Hasil uji homogénitas ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.20
Uji Homogénitas Kamampuh Nulis Kelas Ékspérimén

Test of Homogeneity of Variances

Kamampuh Nulis Kelas Eksperimen

Levene Statistic	df1	df2	Sig.
.974	1	64	.327

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampuh nulis aksara Sunda kelas ékspérimén nya éta $0,327 > 0,05$. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun yén data dicokot tina sampel anu **homogen**.

4.1.4.1.2.2 Uji Homogénitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Kontrol

Hasil uji homogénitas ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.21

Uji Homogénitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Kontrol

Test of Homogeneity of Variances

Kamampuh Nulis Pratés jeung Pascatés Kelas Kontrol

Levene Statistic	df1	df2	Sig.
33.893	1	64	.000

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampuh nulis aksara Sunda kelas ékspérimén nya éta $0,000 < 0,05$. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun yén data dicokot tina sampel anu **teu homogen**.

4.1.4.1.2.3 Uji Homogénitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Pratés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Hasil uji homogénitas ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.22

Uji Homogénitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Pratés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Test of Homogeneity of Variances

Kamampuh Nulis Aksara Sunda Prates Kelas Eksperimen & Kontrol

Levene Statistic	df1	df2	Sig.
------------------	-----	-----	------

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Test of Homogeneity of Variances

Kamampuh Nulis Aksara Sunda Prates Kelas Eksperimen & Kontrol

Levene Statistic	df1	df2	Sig.
.426	1	64	.516

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampuh nulis aksara Sunda kelas ékspérimén nya éta $0,516 > 0,05$. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun yén data dicokot tina sampel anu **homogen**.

4.1.4.1.2.4 Uji Homogénitas Kamampuh Nulis Pascatés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Hasil uji homogénitas ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.23

Uji Homogénitas Kamampuh Nulis Aksara Sunda Pascatés Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Test of Homogeneity of Variances

Kamampuh Ahir Maca Aksara Sunda

Levene Statistic	df1	df2	Sig.
23.477	1	64	.000

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampu nulis aksara Sunda nya éta $0,000 < 0,05$. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun yén data dicokot tina sampel anu **teu homogen**.

4.1.4.2 Uji Béda Kamampuh Nulis Aksara Sunda Praté jeung Pascatés

Uji béda kamampuh nulis aksara Sunda pratés jeung pascatés dilakukeun boh di kelas ékspérimén atawa di kelas kontrol.

4.1.4.2.1 Uji Béda Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

Ku lantaran hasil uji normalitas data panalungtikan téh distribusina henteu normal sarta dumasar uji homogénitas datana teu homogén, mangka uji béda

kamampuh nulis aksara Sunda pratés jeung pascaté dilakukeun ngagunakeun statistik non-paramétrik. Uji hipotésis non-paramétrik dina SPSS dilakukeun ngagunakeun uji Wilcoxon. Uji wilcoxon dilakukeun pikeun maluruh aya-henteuna perbedaan rata-rata dua sampel *berpasangan*.

Hasil uji béda kamampuh nulis aksara Sunda pratés jeung pascaté kelas ékspérimén ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.24
Uji Béda Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

		Ranks		
		N	Mean Rank	Sum of Ranks
Posttest – Pretest	Negative Ranks	0 ^a	.00	.00
	Positive Ranks	33 ^b	17.00	561.00
	Ties	0 ^c		
	Total	33		

a. Posttest < Pretest

b. Posttest > Pretest

c. Posttest = Pretest

Tina tabél di luhur, *negative ranks* atawa selisih (negatif) antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa dina pretest jeung posttes nya éta 0, boh dina N, *Mean Rank*, jeung *Sum of Ranks*. Nilai 0 (nol) nuduhkeun taya *penurunan* (*pengurangan*) tina nilai pratés ka nilai pascaté.

Positive rank atawa selisih positif antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascaté, katitén aya 33 data positif (N), nu ngandung harti yén 33 siswa nilaina ngaronjat tina pratés ka pascaté. *Mean Rank* atawa rata-rata ngaronjatna nya éta 17,00, sarta *Sum of Ranks* atawa jumlah rangking positifna nya éta 561,00. Anapon ties, nya eta nilai sasaruana antara pratés jeung pascaté, di dieu katitén nilaina 0 (nol), hartina teu nyampak peunteun nu sarua kamampuh nulis aksara Sunda antara pratés jeung pascaté.

Pikeun nguji hipotésis bédana data pratés jeung pascaté kamampuh nulis aksara sunda pratés jeung pascaté di kelas ékspérimén dilakukeun uji statistik Wilcoxon. Anapon dasar nyokot kaputusan uji Wilcoxon nya éta:

- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih leutik tina probabilitas ($<$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditarima.
- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih gedé tina probabilitas ($>$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditolak.

Hasil uji hipotésis kamampuh pratés jeung pascaténs ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.25
Uji Hipotésis Béda Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Ékspérimén

Test Statistics ^b	
	Posttest - Pretest
Z	-5.060 ^a
Asymp. Sig. (2-tailed)	.000

a. Based on negative ranks.

b. Wilcoxon Signed Ranks Test

Dumasar output “test statistics” di luhur, kapaluruh yén Asymp. Sig. (2-tailed) nilaina 0,000. Ku lantaran nilai 0,000 leuwih leutik ($<$) 0,05 mangka bisa dicindekkeun yén “ H_a diterima”. Hartina aya bédana antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascaténs di kelas ékspérimén.

4.1.4.2.2 Uji Béda Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Kontrol

Ieu di handap mangrupa uji béda kamampuh pratés jeung pascaténs di kelas kontrol. Analisis dilakukeun ngagunakeun SPSS kalawan uji Wilcoxon anu hasilna katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.26
Uji Béda Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Kontrol

		Ranks		
		N	Mean Rank	Sum of Ranks
Posttest - Pretest	Negative Ranks	0 ^a	.00	.00
	Positive Ranks	25 ^b	13.00	325.00
	Ties	8 ^c		
	Total	33		

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Posttest < Pretest
- b. Posttest > Pretest
- c. Posttest = Pretest

Tina tabél di luhur, *negative ranks* atawa selisih negatif antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascaté di kelas kontrol nya éta 0 (nol), boh dina N, *Mean Rank*, jeung *Sum of Ranks*. Nilai 0 (nol) nuduhkeun yén taya *penurunan (pengurangan)* tina nilai pratés ka nilai pascaté.

Positive rank atawa selisih positif antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascaté, katitén aya 25 data positif (N), anu ngandung harti yén 25 siswa nilaina ngaronjat tina pratés ka pascaté. *Mean Rank* atawa rata-rata ngaronjatna nya éta 13,00, sarta *Sum of Ranks* atawa jumlah rangking positifna nya éta 325,00. Anapon ties, nya éta nilai sasaruana antara pratés jeung pascaté, di dinya katitén nilaina 8, hartina di kelas kontrol aya dalapan urang siswa anu peunteunna sarua antara pratés jeung pascaté.

Pikeun nguji hipotésis bédana data pratés jeung pascaté kamampuh nulis aksara sunda di kelas kontrol dilakukeun uji statistik Wilcoxon. Anapon dasar nyokot kaputusan uji Wilcoxon nya éta:

- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih leutik tina probabilitas ($<$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditarima.
- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih gedé tina probabilitas ($>$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditolak.

Hasil uji hipotésis kamampuh pratés jeung pascaté di kelas kontrol ngagunakeun SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.27
Uji Hipotésis Béda Kamampuh Nulis Aksara Sunda Kelas Kontrol

Test Statistics ^b	
	Posttest – Pretest
Z	-4.385 ^a
Asymp. Sig. (2-tailed)	.000

a. Based on negative ranks.

b. Wilcoxon Signed Ranks Test

Dumasar output “test statistics” di luhur, kapaluruh yén Asymp. Sig. (2-tailed) nilaina 0,000. Ku lantaran nilai 0,000 leuwih leutik ($<$) 0,05 mangka bisa dicindekkeun yén “Ha diterima”. Hartina aya bédana antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa dina pratés jeung pascaté di kelas kontrol.

4.1.4.2.3 Uji Béda Kamampuh Nulis Aksara Sunda Pascaté Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Ku lantaran hasil uji normalitas data panalungtikan téh distribusina henteu normal sarta dumasar uji homogénitas datana teu homogén, mangka uji béda kamampuh pascaté nulis aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kelas kontrol dilakukeun ngagunakeun statistik non-paramétrik. Uji hipotésis non-paramétrik dina SPSS dilakukeun ngagunakeun uji Mann Whitney. Uji Mann Whitney dilakukeun pikeun maluruh aya-henteuna *perbedaan* rata-rata dua sampel anu teu *berpasangan*. Anapon dasar nyokot kaputusan uji Mann Whitney nya éta:

- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih leutik tina probabilitas ($<$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditarima.
- Mun seug nilai signifikansi (α) leuwih gedé tina probabilitas ($>$) 0,05, mangka hipotésis alternatif (H_a) ditolak.

Hasil uji hipotésis ngagunakeun uji Mann Whitney program SPSS katitén saperti tabél ieu di handap.

Tabél 4.28
Uji Béda Kamampuh Pascaté Nulis Aksara Sunda
Kelas Ékspérimén jeung Kontrol

Test Statistics ^a	
	Kamampuh Ahir Nulis Aksara Sunda
Mann-Whitney U	207.500
Wilcoxon W	768.500
Z	-4.372
Asymp. Sig. (2-tailed)	.000

a. Grouping Variable: Faktor

Dumasar tabél di luhur, kapaluruh nilai signifikansi kamampuh nulis aksara Sunda nya éta $0,000 < 0,05$. Dumasar éta hal, mangka bisa dicindekkeun

yén hipotésis alternatif (Ha) **ditarima**. Hartina, aya béda nu signifikan antara kamampuh pascaté nulis aksara sunda kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.

Dumasar kana hasil uji béda kamampuh pascaté maca jeung nulis aksara Sunda antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol, hipotésis anu unina “Stratégi pangajaran ékspositori leuwih éfektif dina ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda tibatan stratégi *konvensional*” ditarima, lantaran nilai signifikansina boh dina kamampuh maca boh dina kamampuh nulis kurang ti 0,05. Hartina stratégi pangajaran ékspositori leuwih éfektif tibatan stratégi *konvensional* dina ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda.

4.2 Pedaran Hasil Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngabuktikeun yén stratégi pangajaran ékspositori téh bisa ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Negeri 2 Depok. Pikeun ngabuktikeunana dilakukeun sawatara léngkah.

Lengkah kahiji nya éta nganalisis data. Data dianalisis dumasar kana kelompokna, nya éta data kamampuh maca aksara Sunda jeung data kamampuh nulis aksara Sunda.

Di kelas ékspérimén anu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori, tina jumlah siswa 33 urang anu ngawengku siswa lalaki 16 urang jeung siswa awéwé 17, skor maca aksara Sunda pratés panggedéna nya éta 45, ari skor pangleutikna nya éta 20, ari rata-rata skorna nya éta 26, 7. Anapon skor maca aksara Sunda pascaté anu kacangking panggedéna nya éta 100, ari skor pangleutikna nya éta 40. Éta skor téh tina hasil rata-rata 79, 8.

Tina hasil analisis di luhur, katitén ngaronjatna kamampuh maca aksara Sunda di kelas ékspérimén anu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori. Hal-hal anu dipeunteun ngawengku waktu maca, jumlah kecap nu bener, jeung volume sora. Dina rata-rata kamampuh maca pratés jeung pascaté kelas ékspérimén, sanggeus dipeunteun hasilna teh kieu: *Kahiji*, waktu maca pratés nya éta 1, 15 (waktu macana alon pisan), kalayan rata-rata leuwih ti 151 detik. Tina 33 siswa, ngan aya 5 (lima) siswa anu waktu macana antara 121 detik nepi ka 150

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

detik. Éta ogé kaitung alon. Ieu hal lantaran siswa lolobana téh acan apal atawa ragu kana aksara nu dibaca. Anapon waktu maca pascaténa nya éta 3, 42 (waktu macana rada gancang), kalayan rata-rata 91 – 120 detik. Waktu maca panglilana 125 detik (alon) lantaran ragu kana aksara nu dibaca, jeung waktu maca panggancangna nya éta 30 detik (gancang pisan). *Kadua*, jumlah kecap nu bener pratés nya éta 1, 45 (saeutik pisan kecap nu bener), kalayan kecap nu benerna pangleutikna 0 (nol) kecap jeung kecap panglobana 12 kecap (saeutik nu benerna). Anapon kecap nu bener pascaténa nya éta 4, 48 (loba kecap nu benerna), kalayan pangleutikna 12 kecap (saeutik nu benerna) lantaran ragu kénéh kana aksara nu dibacana, jeung panglobana 30 kecap (loba pisan nu benerna). *Katilu*, volume sora pratés nya éta 1, 39 (volume sora laun pisan), lantaran acan apal jeung ragu kana aksara nu dibaca. Anapon volume sora pascaténa nya éta 4, 06 (volumena bedas tapi aya alonan sakapeng), lantaran siswa geus apal kana aksara nu dibaca.

Anapon di kelas kontrol, tina jumlah siswa 33 urang anu ngawengku siswa lalaki 14 urang jeung siswa awéwé 19 urang, skor maca aksara Sunda pratés anu kacangking panggedéna nya éta 46, 7, skor pangleutikna nya éta 20. Rata-rata skorna nya éta 26, 7. Anapon kamampuh maca aksara Sunda pascaté kelas kontrol skor anu kacangking panggedéna nya éta 93, 3, ari skor pangleutikna nya éta 20. Éta skor téh tina hasil rata-rata 60, 2.

Tina hasil analisis di luhur, katitén ogé ngaronjatna kamampuh maca aksara Sunda di kelas kontrol anu ngagunakeun stratégi *konvensional*. Hal-hal anu dipeunteun ngawengku waktu maca, jumlah kecap nu bener, jeung volume sora. Dina rata-rata kamampuh maca pratés jeung pascaté kelas kontrol, sanggeus dipeunteun hasilna teh kieu: *Kahiji*, waktu maca pratés nya éta 1, 26 (waktu macana alon pisan), kalayan rata-rata waktu macana leuwih ti 151 detik. Tina 33 siswa di kelas kontrol, ngan aya 9 (salapan) siswa anu waktu macana antara 121 nepi ka 150 detik (alon). Ieu hal lantaran siswa acan apal jeung ragu kana aksara nu dibaca. Anapon waktu maca pascaténa nya éta 2, 71 (waktu macana rada gancang), kalayan rata-rata waktu macana 91- 120 detik. Waktu maca panglilana leuwih ti 151 detik (alon pisan) lantaran ragu kana aksara nu dibaca, jeung waktu

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

maca panggancangna nya éta 50 detik (gancang pisan). *Kadua*, jumlah kecap nu bener pratés nya éta 1, 35 (saeutik pisan kecap nu bener), kalayan kecap nu benerna pangleutikna 0 (nol) kecap jeung kecap panglobana 11 kecap (saeutik nu benerna). Anapon kecap nu bener pascatésna nya éta 3, 41 (sedeng kecap nu benerna), kalayan pangleutikna 6 kecap (saeutik nu benerna) lantaran ragu kénéh kana aksara nu dibacana, jeung panglobana 29 kecap (loba pisan nu benerna). Di ieu kelas kecap “bararécék” loba nu dibaca “bararocok”, lantaran pahili kénéh antara rarangkén [o] jeung [é]. *Katilu*, volume sora pratés nya éta 1, 35 (volume sora laun pisan), lantaran acan apal jeung ragu kana aksara nu dibaca. Anapon pascatésna nya éta 2, 65 (volumena kurang bedas), lantaran ragu kénéh kana aksara nu dibaca.

Kacindekan tina pedaran di luhur, yén siswa nu gancang dina waktu maca, loba nu bener kecap nu dibacana, jeung bedas dina macana, lantaran siswa geus apal kana aksara Sunda boh aksara ngalagena, aksara swara, atawa rarangkénna. Anapon siswa nu alon pisan dina waktu maca, saeutik kecap nu benerna, jeung volume sorana laun pisan, lantaran siswa acan apal kana aksara Sunda boh aksara ngalagena, aksara swara, atawa rarangkénna.

Anapon dina nganalisis data kamampuh nulis aksara Sunda, di kelas ékspérimén anu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori, tina jumlah siswa 33 urang anu ngawengku siswa lalaki 16 urang jeung siswa awéwé 17, skor nulis aksara Sunda pratés panggedéna nya éta 45, ari skor pangleutikna nya éta 20, ari rata-rata skorna nya éta 26, 67. Anapon skor nulis aksara Sunda pascatés anu kacangking panggedéna nya éta 95, ari skor pangleutikna nya éta 55. Éta skor téh tina hasil rata-rata 80, 61.

Tina hasil analisis di luhur, katitén ngaronjatna kamampuh nulis aksara Sunda di kelas ékspérimén anu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori. Hal-hal anu dipeunteun ngawengku nulis aksara swara, nulis aksara ngalagena jeung angka, nulis rarangkén, jeung rapihna nulis aksara Sunda. Dina rata-rata kamampuh nulis pratés jeung pascatés kelas ékspérimén, sanggeus dipeunteun hasilna teh kieu: *Kahiji*, nulis aksara swara pratés nya éta 1,33 (saeutik pisan nu benerna), kalayan rata-rata ngan bisa nulis aksara /a/. Anapon pascatésna nya éta

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4, 18 (loba nu benerna), kalayan pangsaeutikna bener opat jeung panglobana bener genep (bener kabéh). *Kadua*, nulis aksara ngalagena jeung angka pratés nya éta 1, 48 (saeutik pisan nu bener), kalayan ngan sababaraha aksara nu geus bisa saperti aksara /ka/ jeung /na/. Anapon pascaténa nya éta 4, 30 (loba nu benerna), kalayan pangsaeutikna 30 aksara jeung panglobana 58 aksara (bener kabéh). *Katilu*, nulis rarangkén pratés nya éta 1, 21 (saeutik pisan nu benerna), kalayan rata-rata acan apal kana rarangkén aksara Sunda. Anapon pascaténa nya éta 4, 27 (loba nu benerna), kalayan pangsaeutikna 25 rarangkén nu benerna jeung 42 rarangkén nu benerna (bener kabéh). *Kaopat*, rapihna nulis aksara Sunda pratés nya éta 1, 30 (teu rapih nulisna), lantaran siswa teu acan apal kana aksara Sunda. Anapon pascaténa nya éta 3, 36 (rada rapih), lantaran geus apal kana aksara Sunda.

Anapon di kelas kontrol, tina jumlah siswa 33 urang anu ngawengku siswa lalaki 14 urang jeung siswa awéwé 19 urang, skor nulis aksara Sunda pratés anu kacangking panggedéna nya éta 45, skor pangleutikna nya éta 20. Rata-rata skorna nya éta 25, 61. Anapon kamampuh nulis aksara Sunda pascaténa kelas kontrol skor anu kacangking panggedéna nya éta 95, ari skor pangleutikna nya éta 20. Éta skor téh tina hasil rata-rata 51, 21.

Tina hasil analisis di luhur, katitén ngaronjatna kamampuh nulis aksara Sunda di kelas kontrol anu ngagunakeun stratégi pangajaran *konvensional*. Hal-hal anu dipeunteun ngawengku nulis aksara swara, nulis aksara ngalagena jeung angka, nulis rarangkén, jeung rapihna nulis aksara Sunda. Dina rata-rata kamampuh nulis pratés jeung pascaténa kelas kontrol, sanggeus dipeunteun hasilna teh kieu: *Kahiji*, nulis aksara swara nya éta 1, 21 (saeutik pisan nu benerna), kalayan rata-rata ngan bisa nulis aksara /a/. Anapon pascaténa nya éta 2, 53 (rada loba nu benerna), kalayan pangsaeutikna bener hiji jeung panglobana bener genep (bener kabéh). *Kadua*, nulis aksara ngalagena jeung angka pratés nya éta 1, 32 (saeutik pisan nu bener), kalayan ngan sababaraha aksara nu geus bisa saperti aksara /ka/ jeung /na/. Anapon pascaténa nya éta 2, 53 (rada loba nu benerna), kalayan pangsaeutikna 7 aksara jeung panglobana 58 aksara (bener kabéh). *Katilu*, nulis rarangkén pratés nya éta 1, 21 (saeutik pisan nju benerna), kalayan rata-rata

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

acan apal kana rarangkén aksara Sunda. Anapon pascatésnanya éta 2, 53 (rada loba nu benerna), kalayan pangsaeutikna 10 rarangkén nu benerna jeung panglobana 40 rarangkén nu benerna. *Kaopat*, raphina nulis aksara Sunda pratésnya éta 1, 24 (teu raphi nulisna), lantaran siswa teu acan apal kana aksara Sunda. Anapon pascatésnanya éta 2, 38 (kurang raphi), lantaran loba kénéh siswa anu teu acan apal kana aksara Sunda.

Kacindekan tina pedaran di luhur, yén siswa nu loba pisan bener nulis aksara swara, nu loba pisan bener nulis aksara ngalagena, jeung loba pisan bener nulis rarangkén, sarta raphi pisan nulis aksara Sunda, lantaran siswa geus apal kana aksara Sunda boh aksara ngalagena, aksara swara, atawa rarangkénna. Anapon siswa nu saeutik pisan bener nulis aksara swara, saeutik pisan bener nulis aksara ngalagena, jeung saeutik pisan nulis rarangkén, sarta teu raphi nulis aksara Sunda, lantaran siswa acan apal kana aksara Sunda boh aksara ngalagena, aksara swara, atawa rarangkénna.

Langkah kadunya éta uji sipat data anu ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Dina kamampuh maca, dumasar kana hasil uji sipat data, pratés jeung pascatésnan kelas ékspérimén distribusina teu normal, lantaran niléy signifikansina 0,000 jeung 0,009, kurang ($<$) ti 0,05. Kitu deui di kelas kontrol, distribusi datana teu normal, lantaran niléy signifikansina 0,000 jeung 0,001 kirang ($<$) ti 0,05. Uji normalitas pratés kelas ékspérimén jeung kontrol hasilna ogé ditribusina teu normal, lantaran niléy signifikansina sarua 0,000 kurang ($<$) ti 0,05. Uji normalitas pascatésnan kelas ékspérimén jeung kontrol hasilna ogé ditribusina teu normal, lantaran niléy signifikansina 0,009 jeung 0,001 kurang ($<$) ti 0,05.

Anapon dina uji homogénitas kamampuh maca, dumasar kana hasil uji sipat data, data di kelas ékspérimén dicokot tina sampel anu homogén, lantaran niléy signifikansi (α) 0,343 leuwih gedé ($>$) ti 0,05. Di kelas kontrol, datana teu homogén, lantaran niléy signifikansi (α) 0,000 leuwih leutik ($<$) 0,05. Uji homogénitas pratés kelas ékspérimén jeung kontrol hasilna homogén, lantaran niléy signifikansina 0,564 leuwih gedé ($>$) ti 0,05. Anapon uji homogénitas

pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol hasilna teu homogén, lantaran niléy signifikansina 0,000 leuwih leutik ($<$) ti 0,05.

Anapon dina kamampuh nulis, dumasar kana hasil uji sipat data, pratés jeung pascaté kelas ékspérimén distribusina teu normal, lantaran niléy signifikansina masing-masing 0,000 kurang ($<$) ti 0,05. Kitu deui di kelas kontrol, distribusi datana teu normal, lantaran niléy signifikansina 0,000 jeung 0,002 kurang ($<$) ti 0,05. Uji normalitas pratés kelas ékspérimén jeung kontrol hasilna ogé ditribusina teu normal, lantaran niléy signifikansina masing-masing 0,000 kurang ($<$) ti 0,05. Uji normalitas pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol hasilna ogé ditribusina teu normal, lantaran niléy signifikansina 0,000 jeung 0,002 kurang ($<$) ti 0,05.

Anapon dina uji homogénitas kamampuh nulis, dumasar kana hasil uji sipat data, di kelas ékspérimén dicokot tina sampel anu homogén, lantaran niléy signifikansina (α) 0,327 leuwih gedé ($>$) ti 0,05. Di kelas kontrol, datana teu homogén, lantaran niléy signifikansi (α) 0,000 leuwih leutik ($<$) 0,05. Uji homogénitas pratés kelas ékspérimén jeung kontrol hasilna homogén, lantaran niléy signifikansina 0,516 leuwih gedé ($>$) ti 0,05. Anapon uji homogénitas pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol hasilna teu homogén, lantaran niléy signifikansina 0,000 leuwih leutik ($<$) ti 0,05.

Langkah pamungkas nya éta dilakukeun uji hipotésis, nya éta uji béda kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda pratés jeung pascaté di kelas ékspérimén jeung kontrol, sarta uji béda kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol.

Dumasar kana hasil uji hipotésis kamampuh maca, kapaluruh yén di kelas ékspérimén Asymp. Sig (2-tailed) niléyna 0,000. Ku lantaran niléy 0,000 $<$ 0,05, mangka bisa dicindekkeun yén H_a ditarima. Hartina aya bédana antara kamampuh maca aksara Sunda awal jeung ahir di kelas ékspérimén. Kitu deui di kelas kontrol, Asymp. Sig (2-tailed) niléyna 0,000. Ku lantaran niléy 0,000 $<$ 0,05, mangka bisa dicindekkeun yén H_a ditarima. Hartina aya bédana antara kamampuh maca aksara Sunda awal jeung ahir di kelas kontrol.

Anapon uji béda kamampuh maca aksara Sunda pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol, kapaluruh yén niléy signifkansina nya éta $0,002 < 0,05$. Mangka bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif (H_a) ditarima. Hartina, aya béda anu signifikan antara kamampuh maca aksara Sunda pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol.

Dumasar kana hasil uji hipotésis kamampuh nulis, kapaluruh yén di kelas ékspérimén Asymp. Sig (2-tailed) niléyna $0,000$. Ku lantaran niléy $0,000 < 0,05$, mangka bisa dicindekkeun yén H_a ditarima. Hartina aya bédana antara kamampuh nulis aksara Sunda awal jeung ahir di kelas ékspérimén. Kitu deui di kelas kontrol, Asymp. Sig (2-tailed) niléyna $0,000$. Ku lantaran niléy $0,000 < 0,05$, mangka bisa dicindekkeun yén H_a ditarima. Hartina aya bédana antara kamampuh nulis aksara Sunda awal jeung ahir di kelas kontrol.

Anapon uji béda kamampuh nulis aksara Sunda pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol, kapaluruh yén niléy signifkansina nya éta $0,000 < 0,05$. Mangka bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif (H_a) ditarima. Hartina, aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda pascaté kelas ékspérimén jeung kontrol.

Dumasar kana hasil panalungtikan sacara gamblang di luhur, ébréh yén stratégi pangajaran ékspositori téh leuwih éféktif tibatan strategi *konvensional* dina ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda. Ieu hal luyu jeung tiori anu geus ditepikeun dina bab 2, yén strategi ékspositori téh miboga tujuan utama pembelajaran nya éta nyangkem kana materi pembelajaran.